

# KLE W NAN SWEN SANTE VIL LA

Dekouvri dwa w nan  
swen sante avèk diyite ak  
respè kèlkeswa kondisyon  
imigrasyon w oswa kapasite  
w pou w peye



Disponib  
nan tout vil la  
atravè pwen NYC  
Health + Hospitals yo!

**Vin yon manm  
NYC Care jodi a!**

1-646-NYC-CARE  
1-646-692-2273

[nyccare.nyc](http://nyccare.nyc)

Nou garanti pwoteksyon vi prive  
ak konfidansyalite. Enskripsyon nan  
NYC Care pa reprezante yon  
risk dapre règ sou 'chaj  
piblik' la.

**NYC**  
**HEALTH+**  
**HOSPITALS**

 **NYC**  
**CARE** Your Key  
to the City's  
Health Care

Nan Vil New York (Nouyòk), nou kwè swen sante se yon dwa imen. Kèlkeswa kote w fèt oswa kantite kòb ou genyen, ou gen dwa pou w jwenn bon kalite swen sante, ak bon pri nan vil nou an. NYC Care se yon pwogram aksè a swen sante ki garanti sèvis gratis osinon ki pa chè pou Abitan Vil New York yo ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante. Aktyèlman pwogram lan disponib nan tout senk (5) minisipalite yo nan sit NYC Health + Hospitals yo.

Avèk NYC Care, ou kapab:

- + Jwenn yon kat manm pou w gen aksè ak swen sante nan NYC Health + Hospitals yo nan kominote w la.
- + Jwenn premye randevou w la nan de (2) semèn avèk pwòp founisè swen primè w la ki pral ede w evite malad epi konekte w avèk lòt sèvis ke w bezwen pou w rete an sante.
- + Jwenn èd nenpòt lè w bezwen lè w rele Sant Apèl nou an, ki disponib 24 sou 24 / 7 jou sou 7.
- + Jwenn aksè ak medikaman ki preskri ki pa chè 24 sou 24 / 7 jou sou 7.
- + Rete an sante avèk sipò tout yon ekip swen primè ki gen ladan l' enfimyè, pwofesyonèl sante mantal, asistan medikal, travayè sosyal, famasyen ak nitrisyonis.
- + Ofri tèt ou bon jan swen sante de kalite. Pa gen okenn frè pou w enskri oswa frè mansyèl. Pri pou w resewa swen sante, depann sou gwochè revni w.

**Pou w  
jwenn plis  
enfòmasyon epi  
pou w enskri, rele  
1-646-NYC-CARE  
1-646-692-2273**

Nou garanti pwoteksyon vi prive ak konfidansyalite. Enskripsyon nan NYC Care pa reprezante yon risk dapre règ sou 'chaj piblik' la.



**RETE KONEKTE. SWIV NOU.**